**आकाशवाणी, गोरखपुर**

**दिनांक–11 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखीमपुर खीरी जिला के पलिया अउरी मोहम्मदी में भइल कार्यकरमन में सात विधानसभा क्षेत्र बदे एक हजार तीन सौ ग्यारह करोड़ रूपिया क पांच सौ अड़तीस विकास परियोजनन क लोकार्पण अउर सिलान्यास कइलें। पलिया विधानसभा क्षेत्र के चंदन चौकी में भइल कार्यक्रम में उहां के नदी कटान से प्रभावित पूर्वी उत्तर प्रदेस के 2 हजार 350 परिवारन के अउर थारू जनजाति के 4 हजार 356 परिवारन के  जमिनि के पट्टा आवंटिन कइलें। यहां मुख्यमंत्री कहलें कि थारू समाज के जउन लोगिन पे सपा सरकार मोकदमा कइले रहे ओह सज्जों मोकदमन के सरकार वापस लेई। मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार बिना भेदभाव सज्जों क्षेत्र का बिकास कइले के साथे कल्याणकारी योजनन क फाइदा पहुंचा रहल हौ।

**जो कभी नही हुआ आज मोदी जी के नेतृत्व में डबल इंजन की सरकार कर रही है। यही तो सरकार की संवेदनशीलता है। हर नागरिक को उसका अधिकार मिले, पहले क्या होता था विकास का कार्य सब एक गांव में। आज पचीस करोड़ आबादी ही हमारा परिवार है और प्रदेश के हर जनपद में विकास समान रूप से हो रहा है।**

मोहम्मदी विधानसभा क्षेत्रे में मुख्यमंत्री बांग्लादेश से बिस्थापित परिवारन के 'भूमिधरी अधिकार पत्र' बटलें येह मौका पर उहां के कहलीं कि बांग्लादेश से बिस्थापित लोगिन के बस्ती क नाव अब मियांपुर के बजाय देस के राष्ट्रगान देवे वाले गुरूदेव रविन्द्रनाथ ठाकुर के नाव पे 'रविन्द्र नगर' होई। मुख्यमंत्री नागरिकता संशोधन अधिनियम क जिकिर करत कहलें –

**जिस सिटीजनशिप अमेंडमेंट एक्ट के अंतर्गत आपको हम यह अधिकार प्रदान कर रहे है। इसका विरोध काग्रेस ने भी किया था और समाजवादी पार्टी ने भी किया था। ये लोग नही चाहते थे हिंदुओं को सिखों को बौद्ध को जैनियों को अधिकार मिले क्योकि ये तो तुष्टिकरण के पोषक हैं।**

कार्यक्रम में आबकारी मंत्री नितिन अग्रवाल, वन व पर्यावरण मंत्री डॉक्टर अरुण कुमार सक्सेना, विधायक हरविंदर साहनी 'रोमी', मंजू त्यागी, अमन गिरि अउरि शशांक वर्मा  मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस क मत्स्य विभाग क मंत्री संजय निषाद आजु बनारस क सर्किट हाउस में बिभागिय अधिकरियन के साथे बइठकी में योजनन क प्रगति का हाल जनले। येह मौका पर पत्रकारन से बतियावत उहां क 'ओटर लिस्ट' के बिसेस गहन पुनरीक्षण एसआईआर से जुड़ल करमचारियन क सराहना कइलीं। संजय निषाद कहले कि मृतक अउरी डुप्लीकेट ओटरन के नाव हटवले से वोटर लिस्ट सही हो गइल हौ।

**********

बनारस में गैस अथॉरिटी ऑफ इंडिया लिमिटेड श्री काशी विश्वनाथ मंदिर के अन्नपूर्णा रसोई घर में पाइप्ड नेचुरल गैस–पीएनजी आपूर्ति सुरू करे बदे समझौता कइले हौ। अगिला दुइ तीन दिन में ई आपूर्ति सुरू भइले का उमीद हौ।

**********

भारत में डिजिटल भुगतान–यू.पी.आई. व्यवस्था के 10 बरिस पूरा हो गइल हौ। पछिला एक दसक में ई भारतीय भुगतान प्रणाली क रीढ बनि गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**भारतीय राष्ट्रीय भुगतान निगम ने वर्ष 2016 में यूपीआई की शुरुआत की थी। वर्ष 2021 में इस नेटवर्क से 216 बैंक जुड़े थे जो अब बढ़कर जनवरी 2026 तक 691 बैंकों तक पहुंच गए हैं। वित्त मंत्रालय के अनुसार वैश्विक रियल टाइम पेमेंट प्रणाली के ट्रांजैक्शन वॉल्यूम में यूपीआई की लगभग 49 प्रतिशत हिस्सेदारी है। यूपीआई अब राष्ट्रीय सीमाओं से आगे बढ़ते हुए संयुक्त अरब अमीरात, सिंगापुर, भूटान, नेपाल, श्रीलंका, फ्रांस, मॉरीशस और कतर सहित कई देशों में संचालित हो रहा है। रोहन के साथ सौम्य शरण, आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

**********

राष्ट्र आजु महान समाज सुधारक अउर जनसेवक महात्मा ज्योतिबा फुले क 200वीं जयंती पे उन्नहें सरधांजलि दे रहल हौ। 1827 में आजुवे के दिन जनमल महात्मा फुले आपन पत्नी सावित्री फुले के साथे मिली के महिला सिक्षा अउर ससक्तिकरण बदे कार कइलें रहले। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उप–राष्ट्रपति सीपी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अउरी लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आजु संसद परिसर में उन्नहें पुष्पांजलि अरपित कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो महात्मा ज्योतिबा फुले के सरधांजलि देत एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि उनकर संघर्ष लाखों लोगिन के जिनगी में नई रोसनी जलवले रहे।

**********

मथुरा में काल्ही दुपहरयिा यमुना नदी में भइल नाव हादसा में मृतकन क संख्या बढि के 11 हो गइल हौ। काल्ही 10 लोगिन क सव बरामद भइल रहे। आजु एगो अउरी सव हादसा के जगहि से एक किलोमीटर दूर बरामद भइल। हादसा में अबहिनो लापता लोगिन के तलास बदे पुरहर अभियान चलावल जा रहलि हौ।

**********